



GID POU VIZITÈ



ENSTRIKSYON JENERAL

- ❖ Règ pou vizitè yo chanje selon bezwen lopital la ak enstriksyon Depatman Sante Eta New York la. Yo ka retire vizitè ki pa respekte règ yo nan lokal la.
- ❖ **Vizitè yo akeyi nenpòt lè; sepandan, direktiv espesifik yo aplike nan sèten depatman. Ekip klinik la ka dirije vizitè yo pou yo ajiste tan vizit yo selon bezwen medikal pasyan an.**
- ❖ Vizitè yo dwe gen 12 ane oswa plis, eksepte nan sitiyaasyon espesyal, e yo dwe toujou akonpaye pa yon adilt.
- ❖ Vizitè yo dwe rete bò kabann pasyan an pandan tout vizit la, sòf si Ekip Klinik la mande yo sòti nan chanm nan ak/oswa pou rezon kontwòl enfeksyon.
- ❖ Mask pou vizitè yo ak moun ki bay sipò yo disponib nan tout antre yo.

Kote-Gid Espesifik pou Vizitè yo

INITE PASYAN YO

- ❖ **Pasyan adilt ki entène** yo pèmèt genyen de vizitè alafwa. Vizitè yo byenveni nan nenpòt ki lè nan jounen an. Sepandan, selon bezwen medikal pasyan an, nou ka diminye longè vizit la. N ap fè pasyan yo ak vizitè yo konnen si nou pran nenpòt aksyon pou redwi tan vizit la.
- ❖ **Adilt ki gen bezwen espesyal**, tankou Andikap Entelektyèl ak Devlopmantal (I/DD) ak andikap mantal, ka gen omwen **(1)** moun ki bay sipò rete avèk yo tout tan. Lòt moun sipò ak/oswa vizitè yo pèmèt jan sa nesesè.
- ❖ **Pasyan nan fen lavi yo** yo pèmèt yo jiska **(2)** moun sipò pou rete avèk yo tout tan nan sitiyaasyon iminan nan fen lavi yo.
- ❖ **Pedyatri & (PICU - Inite Swen Entansif Pedyatrik)** pasyan ki pi jèn pase 18 an yo gen dwa genyen **(2)** moun sipò deziyen avèk yo tout tan, enkli pandan pwosedi pedyatrik yo. Paran yo, granparan yo, oswa gadyen yo ka fè wotasyon.
- ❖ **Pasyan Neonatal (NICU)** yo gen dwa vizite 24/7 pa **(2)** paran oswa yon sèl paran ak yon moun sipò, **(2)** moun ki mete braslè idantite tibebe a, **(1) se manman an**. Granparan yo ka vizite tou; sepandan, sèlman **(2)** vizitè yo ka bò kabann nan nenpòt lè. Si granparan yo, paran yo, oswa moun ki bay sipò yo rive ansanm, sèlman **(2)** vizitè ka rete bò kabann tibebe a; lòt vizitè dwe rete nan sal paran yo.

PASYAN EKSTÈNNAN KLINIK LA

- ❖ **Pasyan adilt yo** ka akonpaye pa yon sèl moun sipò pandan li nan klinik la pou pasyan ekstèn
- ❖ **Pasyan pedyatrik** ka akonpaye pa tou de paran oswa de gadyen/moun ki bay sipò.
- ❖ **Adilt ki gen bezwen espesyal**, tankou Andikap Entelektyèl ak Devlopmantal (I/DD) ak andikap mantal, ka gen omwen **(1)** moun ki bay sipò pou rete avèk yo tout tan.
- ❖ **Pasyan obstetrik** ak randevou sonogram ka akonpaye pa **(1)** moun sipò.



OUTPATIENT



DEPATMAN IJANS

- ❖ **Pasyan adilt yo** ka gen sèlman **(1)** vizitè. Sepandan, selon bezwen medikal pasyan an, nou ka redwi kantite tan pou vizit yo. N ap fè pasyan yo ak vizitè yo konnen lè nou pran aksyon sa.
- ❖ **Pasyan pedyatrik** ka gen tou de paran oswa gadyen (yo) prezan pandan vizit pedyatrik la. Timoun ki poko gen laj 12 zan pa ka rete poukont yo nan zòn datant lan.
- ❖ **Granmoun oswa Pasyan pedyatik** ki gen bezwen espesyal, tankou Andikap Entelektyèl ak Devlopmantal (I/DD) ak andikap mantal, ka gen omwen **(1)** moun sipò rete avèk yo. Si sa nesesè, nou pral konsidere posiblite pou gen yon lòt moun sipò.



OBSTETRIK (Tranche & Akouchman)

- ❖ **Obstetrik (Tranche & Akouchman) Pasyan yo:** ka genyen **(2)** moun sipò, enkli yon Doula si yo mande sa, ki moun ki ka akonpaye pasyan an pandan Tranche & Akouchman an, e pandan peryòd apre akouchman an, ki enkli rekiperasyon, jiska lè yo kite lopital pou al lakay yo.
 - Moun ki bay sipò yo ka pasyan, patnè, frè ak sè, paran oswa lòt moun moun nan chwazi.
 - Timoun yo p ap gen dwa vizite pandan Tranche & Akouchman eksepte nan ka sikonstans espesyal, kote pasyan an entène pou yon sejou pwolonje.
- ❖ **Vizit apre akouchman** orè: ka genyen **(2)** moun pou sipò, tankou yon Doula, tout tan. Timoun yo ka vizite pasyan yo apre akouchman an nan NS32 ant 3 PM ak 5 PM, **men yo dwe akonpaye e sipèvize pa yon adilt tout tan.**



CHIRIJI AMBILATWA/PWOSEDI AMBILATWA

- ❖ Pasyan pedyat yo gen dwa gen tou de paran yo oswa gadyen (yo) ak/oswa moun ki bay sipò.
- ❖ Adilt oswa Pasyan pedyatrik ki gen bezwen espesyal, tankou Andikap Entelektyèl ak Devlopmantal (I/DD) ak andikap mantal, ka gen omwen **(1)** moun ki bay sipò pou rete avèk yo. Y ap pran konsiderasyon espesyal pou aksepte yon lòt moun sipò si sa ta nesesè.

BÈT SÈVIS

- ❖ Bèt sèvis yo pèmèt nan lopital la, men yo ekskli nan zòn espesifik ki mansyone anba a, ak kèk eksepsyon limite jan yo endike anba a:
 - Eksklizyon bèt sèvis nan zòn sa yo kote piblik la pa gen aksè apwopriye. Zòn sa yo konsidere kòm zòn pwòp oswa esteril epi yo mande rad espesyal pou antre, enkli:
 - Sal Operasyon An
 - Sal Tranche & Akouchman
 - Inite ki gen pasyan iminokonpwomi, NICU, ak ICU yo genyen ekipman enpòtan pou sipò lavi
 - Anviwònman Pwoteksyon /Inite Transplant NS82
 - Zòn kote yo fè yon pwosedi esteril ki mande pou moun yo swa kouvri cheve yo ak yon bouchon, bouch yo ak yon mask, epi kò yo ak yon ròb esteril
 - Zòn izolasyon yo
- ❖ Bèt sèvis yo dwe atache, lase, oswa mare sof si andikap moun nan anpeche itilize aparèy sa yo entèfere ak sekirite bèt sèvis la.
- ❖ Yo p ap pèmèt yon bèt sèvis ki vin yon menas dirèk pou lòt moun nan lokal lopital/klinik lan.

